



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN MWA FYÈTE A, GOUVÈNÈ HOCHUL REYAFIME ANGAJMAN POU
SIPÒTE KOMINOTE LGBTQ+ NOUYÒK LA**

***Gouvènè Hochul ap mache ansanm ak Nouyòkè yo nan Defile Fyète Vil Nouyòk la
pou sipòte kominote dinamik LGBTQ+ nan Eta a***

***Elaji Fon Byennèt ak Ekite Transeksyèl ak Non-Binè Lorena Borjas la pou plis
pase 15 milyon dola, sa ki fè kalite fon sa a vin pi gwo fon nan peyi a***

Investi 1 milyon dola pou Sant LGBT Vil Nouyòk

***Anonse sibvansyon pou pwogram ki fèt pou ede transeksyèl, moun ki pa
konfòme ak yon sèks ak moun ki pa binè yo pou yo antre sou mache travay la***

***Anonse ouvèti bous LGBTQ+ Marsha P. Johnson, Sylvia Rivera ak Edie Windsor
pou peryòd 2026-2028 la***

Ouvri demann pou pwopozisyon atelye pou konvansyon LGBTQIA+ 2025 la

Moniman yo pral limen atravè Eta Nouyòk pou selebre Mwa Fyète a

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a plizyè inisyativ elaji ki fèt pou ogmante sipò pou kominote Nouyòkè LGBTQ+ yo, tankou plis investisman pou moun transeksyèl, moun ki pa binè ak moun ki pa konfòme ak sèks yo, ansanm ak sant LGBTQ+ nan vil Nouyòk. Kòm yon pati nan bidjè ki antre an aplikasyon ane sa a, finansman pou Fon Byennèt ak Ekite pou Moun Transeksyèl ak Moun ki Pa Binè Lorena Borjas la ogmante ak yon demi milyon dola pou sèvis sante ak sèvis sosyal ki esansyèl, sa ki pote total fon an a plis pase 15 milyon dola e ki fè li vin pi gwo fon nan kalite sa a nan tout peyi a. Sou baz sipò sa a, Gouvènè Hochul fè plis investisman ak 1 milyon dola nan finansman kapital pou sipòte prezèvasyon kontinyèl Sant LGBT Vil Nouyòk, ki bay pwogram rekipèrasyon ak byennèt, inisyativ pou avansman ekonomik, sipò pou fanmi ak jèn, defans dwa, pwogram atistik ak kiltirèl, ansanm ak espas pou òganizasyon kominotè, koneksyon ak selebrasyon.

"Nouyòk se kote mouvman LGBTQ+ te kòmanse, e jodi a, nou kontinye ap mennen eritaj sa a pi lwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwa sa a e chak lòt mwa, n ap

kontinye onore kontribisyon Nouyòkè LGBTQ+ yo epi n ap travay pou pwoteje, sipòte, epi selebre enèji ak vitalite yo pote nan Nouyòk."

Pou plis adrese bezwen moun transeksyèl, moun ki pa konfòme ak sèks yo, ak moun ki pa binè (transgender, gender non-conforming, and nonbinary, TGNCNB) nan Nouyòk, Depatman Travay Eta Nouyòk (New York State Department of Labor, NYSDOL) ap bay [960,000 dola nan sibvansyon pou devlopman mendèv](#) pou sipòte pwogram ki fèt pou ede moun TGNCNB antre sou mache travay la. Sibvansyon TWEF yo sipòte òganizasyon ki angaje nan ankouraje ekite nan sante ak travay pou kominote TGNCNB lan. Finansman sa a adrese dirèkteman pwoblèm enpòtan nan mendèv ke Rapò Travay GNCNB NYSDOL 2023 la te dekouvri, ki montre ke moun TGNCNB nan Nouyòk gen revni ki pi ba ak plis chomaj akòz plizyè faktè, pi plis se diskriminasyon.

Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare, "Atak federal ki ogmante kont kominote LGBTQ a mete sekirite nou an andanje epi sistematikman elimine sipò esansyèl pou plizyè sèvis enpòtan, soti nan swen sante rive nan sèvis sante mantal ak pwogram devlopman mendèv. Ameriken LGBTQ yo peye taks epi yo gen dwa atann ke y ap pran bezwen yo an konsiderasyon. Erezman pou Nouyòkè LGBTQ yo, Gouvènè nou Kathy Hochul pa sèlman kwè nan enpòtans egalite, men li montre angajman li lè li bay finansman pou anpil sèvis nou konte sou yo."

Manm Asanble Harry B. Bronson, te deklare, "Nan Nouyòk, nou fyè dèske nou enklizif, ak lwa ki pa baze sou rayisman, krent oswa eksklizyon, men lwa ki onore diyite ak limanite tout moun pou yo ka viv an sekirite nan rete fidèl ak tèt yo. Malgre atak san parèy nan nivo federal ak nan lòt eta, mwen fyè kanpe ansanm ak Gouvènè Hochul pou selebre Mwa Fyerte ane sa a, lè nou konfime angajman solid Nouyòk pou dwa moun LGBTQIA+ yo - kominote mwen - avèk gwo inisyativ politik ak finansman ki pwoteje dwa tout Nouyòkè. Kèlkeswa moun ou ye, kote ou soti, ki kapasite ou, ki moun ou renmen oswa ki jan ou idantifye ou – nou tout merite ekite, jistis ak opòtinite."

Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare, "Mwen fyè wè Nouyòk ap ranfòse angajman li pou kominote LGBTQ+ nou yo, espesyalman pou moun transeksyèl, moun ki pa binè, ak moun ki pa konfòme ak sèks yo, ki kontinye fè fas ak obstak sistemik. Elajisman Fon Byennèt ak Ekite Lorena Borjas la—ki pote non renmen transeksyèl Latina imigran nou renmen anpil ki soti Queens—se yon bagay istorik ak trè pèsonèl. Investisman sa yo konfime ke Nouyòk ka ak dwe yon refij pou moun queer ak transeksyèl viv, pwospere, epi okipe wòl lidèchip. M ap felisite Gouvènè Hochul ak Lejislatè Eta nou an pou etap ki gen sans sa yo pandan Mwa Fyète a, e mwen ankouraje yo kontinye aji pou satisfè bezwen ijan kominote nou yo pandan tout ane a."

Anons jodi a mete aksan sou ouvèti [Bous LGBTQ+ Marsha P. Johnson, Sylvia Rivera ak Edie Windsor pou peryòd 2026-2028 la](#). Yo te nonmen bous lan nan non lidè LGBTQ yo ki te atire — apati kouraj, tenasite ak pèseverans yo — atansyon sou pwoblèm LGBTQ+ yo epi te fè yon diferans ki ap dire nan kominote LGBTQ+ la: Marsha P. Johnson ak Sylvia Rivera poutèt mouvman yo an ki te mennen a defans nan non kominote moun transeksyèl yo nan Nouyòk ak Edie Windsor poutèt travay defans ak

revolisyonè li te akonpli nan reyisi defye lwa sou defans maryaj federal lan. Bous sa yo bay chak de zan ki se [Bous LGBTQ+](#) sèvi nan Biwo Divèsite ak Enklizyon an epi ede Chèf Ofisyè Divèsite a reyalize objektif divèsite ak enklizyon Eta Nouyòk, ki gen ladan kontinye bati lidèchip Eta a kòm yon defansè anti-diskriminasyon ak aksè egal pou tout moun. An kolaborasyon ak patnè entèn ak ekstèn, epi nan objektif Eta a ki kontinye pou l sèvi kòm yon modèl anplwayè pou Nouyòkè tout idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl, Bousye a ap travay tou pou avanse enklizyon LGBTQ+ nan tout gouvènman ak sèvis Eta Nouyòk nan prepare pwopozisyon politik ak bay ekspètiz sou kontni, jere inisyativ ak pwojè nan tout eta a, ekri kominikasyon estratejik, epi swiv lwa enpòtan.

Biwo Gouvènè pou Afè LGBTQ+ yo ap aksepte demann kounye a pou [pwopozisyon atelye pou Konvansyon LGBTQIA+ 2025](#) la, ki pral fèt madi 9 septanm 2025 nan Albany, Nouyòk, nan Empire State Plaza Concourse. Katriyèm evènman anyèl sa a rasanble moun ki pran desizyon ak ofisyèl gouvènman soti nan tout ajans eta yo pou tandè dirèkteman defansè yo sou bezwen ki pi ijan pou kominote nou an ak efò ki pwopoze oswa k ap fèt kounye a pou satisfè bezwen sa yo epi ranfòse sipò.

Direktè Jeneral Sant Kominotè LGBT Vil Nouyòk la, Doktè Carla Smith, te deklare, "Nou kontan resevwa alokasyon kapital sa a, e nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li mete investisman sa a kòm yon priyorite nan bilding nou an, sa ki pral pèmèt nou kontinye amelyore Sant lan. Pandan kat dènye deseni yo, Sant lan te travay pou asire ke bilding istorik nou an satisfè bezwen Nouyòkè LGBTQ+ yo k ap ogmante epi sèvi kòm yon lokal fyète pou moun LGBTQ+ atravè lemond. Kounye a, kominote nou an anba atak akòz aksyon ak pawòl gouvènman ki danjere ki vize efase moun transeksyèl ak queer, koupe finansman pou sèvis kritik, ansanm ak yon kriz sante mantal ki ap grandi. Nou swete kolabore ak Gouvènè Hochul ak administrasyon li a nan mwa k ap vini yo pou asire plis investisman nan sèvis ki satisfè bezwen kominote LGBTQ+ Eta Nouyòk la, tout 365 jou nan ane a."

Bousye aktyèl Marsha P. Johnson, Sylvia Rivera, ak Edie Windsor, Daniel Dobies (nou/pa nou), te deklare: "Bous sa a ba nou opòtinite pou dirije ak avanse politik ak pwogram, tankou Fon Byennèt ak Ekite TGNB Lorena Borjas ak Konvansyon Anyèl LGBTQIA+, ki amelyore lavi Nouyòkè LGBTQ+. Twa fanm queer ki te ouvè chemen, e ki pote non bous sa a, te dirije ak kouraj, konviksyon, ak lajwa ke nou ap chèche pote nan sèvis eta chak jou. Nou jwenn fòs nan kouraj yo epi nou onore pou kontinye travay yo pou fè Eta Nouyòk tounen yon lokal kote tout moun, enkli kominote LGBTQ+, ka pwospere."

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye yon [pwoklamasyon](#) ki deziyen jen 2025 kòm Mwa Fyète LGBTQ+ pou selebre kominote LGBTQ+ nan Eta Nouyòk. Nan dat 30 jen, moniman eta yo pral limen aswè a ak koulè woz, blan ak ble, ansanm ak wouj, zoranj, jòn, vèt, ble, ak vyolèt, epi drapo pwogrè fyète a pral flote nan bilding biwo eta ak Pak Eta atravè Nouyòk.

Moniman eta sa yo pral limen ak divès koulè drapo fyète a aswè a ak demen 30 jen:

- One World Trade Center
- Pòn Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pòn Kosciuszko
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòn "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pòn Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)